



# Homeland Security

## **Deklarasyon Depatman Sekirite Teritoryal Ozetazini (DHS) Konsènan Sekirite ak Lòd Piblik Pandan Siklòn Michael Lan**

Sèvis Polis Imigrasyon ak Ladwann Ameriken (ICE) ak Sèvis Ladwann ak Proteksyon Frontyè Ameriken (CBP) gen preokipasyon vizavi enpak potansyèl Siklòn Michael ka gen sou pati sid ak sidès peyi Etazini an, kote eta Florida ak Alabama deklare eta dijans. Priyorite prensipal nou se sovgade lavi ak mentni sekirite. Akòz sikonstans sa yo, polis imigrasyon pa pral pran okenn inisyativ pa rapò ak evakyasyon oswa refij an rapò ak Michael, esepite nan ka menas grav sou sekirite piblik la.